

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira mangrupa karya sastra wangun novel anu aya patalina jeung kapamingpinan. Ieu novel téh réngsé ditulis dina taun 1928, tur diterbitkeun ku percetakan Balai Pustaka, di Jakarta. Citakan kaduana, ieu novel téh diterbitkeun dina taun 1958 ku Dinas Penerbitan Balai Pustaka Jakarta. Dina taun 1983, ieu novel téh dicitak deui ku penerbit Rahmat Cijulang. Dina citakan *versi* Rahmat Cijulang, kekecapan anu digunakeun dina éta novel téh geus robah ngagunakeun éjahan anu anyar, béda jeung citakan kahiji jeung kadua, anu masih kénéh ngagunakeun éjahan anu heubeul. Novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira nyaritakeun ngeunaan kapamingpinan Radén Yogaswara. Saupama dipaluruh tina runtuyan caritana, tangtu ieu novel téh kapangaruhan ku kasang tukang kahirupan pangarangna, nyaéta Radén Méméd Sastrahadiprawira.

Radén Méméd Sastrahadiprawira kaasup salasaurang pangarang kasusastraan Sunda anu turunan ménak jeung kungsi sakola di sakola husus pikeun bangsawan jeung ménak. Lian ti éta, R. Méméd Sastrahadiprawira ogé kungsi mantuan Wadana Ciranjang, jeung asistén Bupati Bandung. Saterusna, dina taun 1922, R. Méméd ogé kungsi jadi Mantri Pulisi di sawatara tempat (Ruhaliah, 2019, kc. 101-102). Saupama ditilik tina kasang tukang R. Méméd Sastrahadiprawira anu kaasup kaum terpelajar jeung turunan ménak, tangtu teu matak hésé pikeun Radén Méméd dina ngaéksprésikeun gagasan-gagasanana, upamana waé dina nulis karya sastra, salasihijina nyaéta novel sajarah *Mantri Jero*. Saterusna, saupama ditilik tina pangalaman jeung kaayaan diri pangarangna anu bieu ditataan, novel sajarah *Mantri Jero* kapangaruhan ku kasang tukang kahirupan diri pangarangna, ku sabab dina éta novel téh réa dibahas ngeunaan kapamingpinan, kahirupan kaum bangsawan, jeung ménak. Dina novel sajarah *Mantri Jero* dicaritakeun kahirupan kaum bangsawan atawa ménak nu aya dina jaman harita, ti keur budak nepi ka jadi pamingpinna. Lamun ditilik tina segi sosial, ieu novel téh mangrupa gambaran kahirupan kaum ménak anu dituliskeun ku pangarang dina jaman harita.

Ku ayana gambaran saperti kitu, tangtu dina ieu novel téh réa hal-hal kapamingpinan anu bisa diguar tur ditalungtik tina segi atikan jeung hal séjénna.

Kapamingpinan bisa dihartikeun minangka hiji prosés, di mana ayana silipangaruhan jeung silitalingakeun antara pamingpin jeung anu dipingpinna. Nurutkeun Yudiaatmaja (2013, kc. 30), kapamingpinan téh mangrupa hiji kamampuh pikeun nyangking hiji kasapukan dina udagan anu sarua. Saterusna, pasualan ngeunaan kapamingpinan teu leupas tina hirup kumbuhna manusa, sarta jadi hal anu ngirut pikeun dijadikeun bahan panalungtikan jalma réa. Pamingpin salawasna jadi hal anu utama jeung jadi sorotan jalma atawa anggota masarakat anu dipingpinna. Salasahiji fungsi pamingpin téh nyaéta pikeun jadi conto jeung méré pangaruh ka warga masarakatna (Prafirasari, 2016, kc. 2). Ti saprak nagara Indonésia ngadeg, can kungsi aya présidén anu asalna ti étnik Sunda. Sok sanajan Jakarta padeukeut jeung wilayah Jawa Barat, tapi teu ngajamin urang Sunda jadi présidén tur ilubiung dina panggung pulitik jeung pamaréntahan nagara Indonésia (Isnéndés, 2019, kc. 79).

Kiwari aya anggapan, yén kapamingpinan urang Sunda téh kurang dipikawanoh tur aya dina peringkat handap saupama dibandingkeun jeung kapamingpinan étnis séjén, upamana Jawa. Padahal dina sajarah geus dicatet sababaraha ngaran nu dijadikeun panutan pamingpin urang Sunda, saperti Prabu Wangi, Niskala Wastu Kencana, jeung Sri Baduga Maharaja (Isnéndés, 2019, kc. 79). Saupama ditilik ti dinya, tangtu kapamingpinan Sunda jaman baheula téh bisa dijadikeun conto keur pamingpin dina jaman kiwari. Salian ti ngaran pamingpin Sunda di luhur, aya deui pamingpin imajinér dina karya sastra anu bisa dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun masarakat kiwari, nyaéta Radén Yogaswara anu dijadikeun tokoh utama dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

Novel sajarah mangrupa novel anu eusina patali jeung sajarah. Dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira kapanggih ayana ajén-ajén anu bisa dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun pikeun pamingpin dina jaman kiwari. Dina éta novel dicaritakeun Radén Yogaswara atawa disebut ogé *Mantri Jero*. Yogaswara téh turunan ménak dina jaman harita, tapi Yogaswara mimitina teu nyahoeun yén dirina téh turunan ménak. Ku sabab Yogaswara

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

keyeng hayang jadi jalma pinilih atawa ménak, dirina usaha satékah polah diajar. Dimimitian ku tarékah nyuprih élmu kaagamaan di Pasantrén Janggala, terus ngalaksanakeun lalampahan ka dayeuh, kumawula ka ménak, ahirna manéhna jadi pamingpin anu dipikaajrih jeung dipikahormat ku jalma di sabudeureunana.

Kapamingpinan Radén Yogaswara nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero*, bisa dijadikeun picontoeun tur ditalungtik tina segi karakteristik jeung tatakramana. Pikeun nganalisis éta pasualan téh bisa ku cara dibaca, diteuleuman, ti mimiti eusina, strukturna, jeung ajén-ajén anu nyangkaruk dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Péso anu digunakeun pikeun nganalisis éta pasualan téh bisa ngagunakeun pamarekan struktural. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 13) struktural atawa strukturalisme asalna tina kecap "struktur", anu miboga harti ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok, gejala, atawa unsur (élémén), anu mana éta hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina panalungtikanana, sedengkeun nurutkeun Isnéndés, spk (2018, kc. 74) strukturalisme nyaéta pamarekan anu dilarapkeun kana karya sastra tur miboga sipat otonom. Hartina, salasihiji cara pikeun maham jeung ngainterprétasi hiji karya sastra anu miboga struktur pangwangun anu gembheng. Pamarekan struktural bisa dilarapkeun dina karya sastra novel atawa roman. Stanton (2012) ngabagi unsur pangwangun novel jadi tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita (alur, tokoh/palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa, suasana, simbol-simbol, imaji, jeung judul).

Salian ti ngagunakeun pamarekan struktural, pikeun ngaguar ajén-ajén anu nyangkaruk dina éta novel téh ngagunakeun pamarekan étnopédagogi. Hal anu ngalantarankeunana, ku sabab dina éta novel téh réa pisan ajén atikan anu nyangkaruk tur bisa dijadikeun picontoeun ogé pieunteungeun keur balaréa. Nurutkeun Alwasilah, spk (2009, kc. 50) étnopédagogi mangrupa prakték pendidikan dumasar kaarifan lokal dina sababaraha widang saperti pengobatan, seni béla diri, lingkungan hirup, pertanian, ékonomi, pamaréntahan, sistem pananggalan, jeung sajabana. Étnopédagogi kasundaan mimitina dumasar kana kaunggulan manusa sacara paripurna atawa sagala bisa (jalma anu masagi). Ku kituna, Hidayat Suryalaga dina Sudaryat (2015, kc. 124) ngaorientasikeun étnopédagogi Sunda ku sebutan *Catur Jati Diri Insan* salaku manusa unggul

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(*MAUNG*), kayaning pengkuh agamana (*spiritual quotient*), luhung élmuna (*intellectual quotient*), jembar budayana (*emotional quotient*), jeung rancagé gawéna (*actional quotient*). Péso anu dipaké mesék karakteristik kapamingpinanana dumasar kana kapamingpinan Sunda saacan abad ka-16 anu geus diabadikeun dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* nu réngsé ditulis dina taun 1518 M. Dina éta naskah aya anu disebut *parigeuing*, *dasa pasanta*, *pangimbuhning twah*, jeung *opat panyaraman* pikeun pamingpin jeung kapamingpinan (Danasasmita, spk, 1987).

Karakteristik kapamingpinan Sunda mangrupa salasihiji hal anu penting pikeun dianalisis, tapi panalungtikan samodél kieu masih kénéh jarang anu ngalaksanakeun. Sakumaha anu kungsi ditétélakeun ku Padmawijaya (2014, kc. 152), yén sajarah jeung kaarifan lokal budaya mangsa heubeul téh loba pisan mangpaatna anu bisa dicokot, salasihijina nyaéta naskah-naskah atawa carita-carita buhun. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan karakteristik kapamingpinan Sunda dina novel sajarah téh penting dilaksanakeun, sabab loba ajén anu bisa dijadikeun pieunteungeun dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

Salian ti éta, nu jadi alesan tina dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh nyaéta miboga fungsi sosial pikeun méré gambaran ka masarakat umum, utamana anu aya patalina jeung kahirupan pulitik di nagara Indonésia. Sangkan masarakat téh mikawanoh kana karakteristik kapamingpinan anu hadé, dumasar kana analisis kapamingpinan anu dilarapkeun kana tokoh utama novel sajarah *Mantri Jero*. Sakumaha anu kungsi ditétélakeun ku Suryadi (2017, kc. 89) yén roman Sunda klasik, carita *Mantri Jero*, bisa méré gambaran ngeunaan préférensi masarakat Sunda dina milih jeung nangtukeun calon-calon pamingpin anu bakal datang. Salian ti éta, salaku novel anu *setting*-na dina kahirupan masarakat Sunda jaman baheula, kalayan struktur pamaréntahan anu aristokrat, ieu novel téh ngandung ajén-ajén kapamingpinan Sunda anu oténtik. Nurutkeun Suryadi dina Ruhaliah, spk (2015, kc. 88), sanajan kaayaan masarakat Sunda geus jauh béda, tur struktur pamaréntahanana ogé geus robah, ajén-ajén kapamingpinan nu aya dina carita *Mantri Jero* masih kénéh bisa dipintonkeun jeung rélevan pikeun diwariskeun minangka ajén atawa pesen atikan karakter.

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tulisan-tulisan anu ngarojong kana ieu panalungtikan téh di antarana "Nilai-nilai Kepemimpinan dalam Novel *Tjarita Mantri Djero*" jeung "Otentisitas Kepemimpinan Masyarakat Sunda: Model Pendidikan Karakter Pemimpin dalam *Tjarita Mantri Djero*" anu ditulis ku Karim Suryadi dina taun (2013) jeung (2014) tur dibukukeun dina hiji buku anu judulna *Pendidikan Karakter dalam Budaya Sunda dan Jepang sebuah Kajian Perbandingan* anu terbit dina taun (2015). Lian ti éta, aya deui tulisan dina kolom surat kabar *Pikiran Rakyat* anu judulna "Pohon Kepemimpinan" (2017) karya Karim Suryadi jeung dina majalah mingguan *Manglé* nu judulna "Ijtihad" (2013) karya Karim Suryadi, saterusna aya ogé wangun tulisan anu judulna "Nasihat *Mantri Jero*" nu aya dina buku *Ménak Senayan* karya Karim Suryadi (2017). Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan téh nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Sujatmiko (2014) nu medar ngeunaan "Keterwakilan Etnis di Politik Nasional: Kasus Etnis Sunda di Republik Indonesia". Hasil tina éta panalungtikan téh nyaéta mikawanoh kana kurangna pangaruh kapamingpinan Sunda di kancan nasional. Lian ti éta, aya deui panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Padmawijaya (2014) ngeunaan "Kearifan Budaya Sunda dalam Peralihan Kepemimpinan Kerajaan Sunda di Kawali setelah Perang Bubat". Dina éta panalungtikan ditétélakeun ngeunaan sikep kapamingpinan Bunisora Suradipati waktu nyekel kakawasaan dina ngagantikeun lanceukna anu tumpur di Palagan Bubat. Hasil tina éta panalungtikan téh mikawanoh karakter kapamingpinan Bunisora Suradipati waktu dipercaya ngagantikeun Raja dina waktu panyelang. Anu pamungkas, panalungtikan anu ngarojong téh nyaéta anu dilakukeun ku Prafitrasari (2016) ngeunaan "Representasi Pemimpin Pemerintahan yang Digambarkan melalui Media Sosial Instagram Walikota Bandung Ridwan Kamil". Dina éta panalungtikan ditétélakeun ngeunaan cara-cara pamingpin dina ngala haté rahayatna dina jaman kiwari.

Karakteristik kapamingpinan Sunda kaasup salasahiji hal anu penting pikeun dianalisis. Aya sababaraha panalungtikan anu kungsi dilaksanakeun saacanna nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Isnéndés (2019) nu medar ngeunaan "Tatakrama Kepemimpinan Sunda dalam Novel Sejarah *Tanjeur Na Juritan Jaya di Buana*". Hasil tina éta panalungtikan kapaluruh ayana tatakrama

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kapamingpinan Sunda anu hadé nu aya dina tokoh utama novel Sajarah *Tanjeur Na Juritan Jaya di Buana*. Lian ti éta, aya deui panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Hidayat (2008) ngeunaan "Citra Kapamingpinan dina Sastra Buhun *Hikayat Sri Rama* jeung *Wawacan Babad Timbanganten*". Dina éta panalungtikan ditétélakeun yén *Hikayat Sri Rama* jeung *Wawacan Babad Timbanganten* miboga hubungan anu aya patalina jeung modél kapamingpinan dina jaman kiwari. Saterusna, aya deui panalungtikan anu dilaksanakeun ku Édah (2004) ngeunaan "Unsur Étika anu Nyampak dina Novel *Mantri Jero* pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SLTP". Dina éta panalungtikan ditétélakeun ngeunaan unsur étika anu nyampak dina novel *Mantri Jero*, tur dipatalikeun jeung bahan pangajaran sastra di SLTP (SMP). Lian ti éta, aya deui panalungtikan anu dilaksanakeun ku Awaludin (1997) ngeunaan "Karakteristik Kapamingpinan Tokoh Carita dina Novel Sunda". Dina éta panalungtikan ditétélakeun ngeunaan karakter kapamingpinan anu aya dina tokoh utama novel Sunda dumasar kana karakter kapamingpinan anu kapanggih langsung dina novelna.

Nepi ka mangsa kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan. Sasaruana tina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Rétty Isnéndés (2019) nyaéta sarua medar perkara kapamingpinan dina novel sajarah. Satuluyna jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Asép Rahmat Hidayat (2008) ogé sarua medar perkara kapamingpinan. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina sumberna jeung objék anu ditalungtikna. Panalungtikan meunang Rétty Isnéndés (2019) objék anu ditalungtikna nyaéta novel sajarah *Tanjeur Na Juritan Jaya di Buana* karya Yoséph Iskandar, sedengkeun dina ieu panalungtikan mah tina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Salian ti éta, hal anu ngabédakeunna deui, nyaéta tina péso anu digunakeunana, dina ieu panalungtikan mah dumasar kana tiori struktural, naskah Sunda kuno, jeung ajén étnopédagogi anu kapanggih langsung dina novel sajarahna. Lian ti éta, aya deui panalungtikan anu dilakukeun ku Éli Cucu Yulia Édah (2004) anu sarua medar ngeunaan novel *Mantri Jero*. Hal anu ngabédakeun jeung panalungtikan anu dilaksanakeun nyaéta tina ulikanana. Dina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Éli Cucu Yulia Édah (2004) mah dipedar perkara etikana, sedengkeun dina ieu

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan mah dipedar perkara kapamingpinanana. Saterusna ieu panalungtikan téh sawanda jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Dodi Awaludin (1997) anu sarua medar perkara kapamingpinan. Bédana panalungtikan meunang Dodi, jeung ieu panalungtikan, nyaéta tina objékna, saterusna tina ulikan atawa péso anu digunakeun dina nangtukeun karakter kapamingpinanana. Péso anu digunakeun ku Dodi Awaludin (1997) dina mesék karakter kapamingpinanana dumasar kana karakter pamingpin modéren tur anu kapanggih langsung dina novelna. Dina ieu panalungtikan mah, dipedar heula ngeunaan strukturna, kapamingpinanana, jeung ajén étnopédagogina.

Pikeun ngungkulan pasualan anu aya dina ieu panalungtikan, dipaké pamarekan struktural jeung étnopédagogi. Aspék karakteristik kapamingpinan Sunda dianalisis tina eusina jeung ajén-ajén anu nyangkaruk dina éta novelna dumasar kana tatakrama kapamingpinan Sunda saacan abad ka-16 nu geus diabadikeun dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* nu réngsé ditulis dina taun 1518 M. Salian ti éta, dianalisis ogé dumasar kana ulikan étnopédagogi nu nyangkaruk dina éta novelna.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho karakteristik kapamingpinan Sunda nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina paélman anu aya patalina jeung kasusastraan ogé étnopédagogi, hususna anu aya patalina jeung karakteristik kapamingpinan Sunda, sabab éfék tina ieu panalungtikan téh bisa mikanyaho kana pangaweruh ngeunaan kapamingpinan anu hadé dumasar kana karakteristik kapamingpinan Sunda jaman baheula anu aya dina diri tokoh Radén Yogaswara salaku tokoh utama dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Ku kituna, panalungtikan anu judulna "Karakteristik Kapamingpinan Sunda dina Novel Sajarah *Mantri Jero* Karya R. Méméd Sastrahadiprawira (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)" perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu dipedar saacanna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan, nyaéta kieu.

- 1) Kumaha struktur novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira?
- 2) Kumaha karakteristik kapamingpinan Sunda dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira?
- 3) Ajén étnopédagogi naon baé anu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saacanna, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta medar perkara struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi anu nyangkaruk dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira;
- 2) karakteristik kapamingpinan Sunda dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira;
- 3) ajén étnopédagogi dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, praktis, isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh nu maca sarta bisa jadi salasihiji sumber atawa référénsi ngeunaan sastra hususna nu patali jeung novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira sarta ajén étnopédagogina.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat segi kawijakan tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daérah boh pamaréntah pusat, utamana pikeun para pamingpin sangkan bisa leuwih hadé deui dina ngokolakeun kapamingpinanana.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, miboga pangalaman dina maham jeung ngulik ngeunaan novel sajarah nu patalina jeung struktural, karakteristik kapamingpinan, sarta ajén étnopédagogi;
- 2) pikeun panalungtik saterusna, bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung struktural, karakteristik kapamingpinan, sarta ajén étnopédagogi;
- 3) pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan hasil panalungtikan kana novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, mangpaat tina ieu panalungtikan, dipiharep jadi tinimbangan pikeun bahan bacaan ngeunaan kapamingpinan dina ulikan étnopédagogi. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun tinimbangan dina ngajén kualitas karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi sababaraha bab, sakumaha ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi opat; mangpaat tina segi tioritis,

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNO PÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kawijakan, mangpaat praktis, mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori nu diguar nyaéta ngeunaan novel, tiori struktural Robert Stanton, tiori kapamingpinan Sunda saacan abad ka-16 dumasar naskah Sunda kuno *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*, jeung ulikan étnopédagogi kasundaan R. Hidayat Suryalaga, dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi pertanyaan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan. Salian ti éta, diguar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan méthode panalungtikan nu diwincik deui jadi désain panalungtikan, data jeung sumber data, cara ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. Implikasi jeung rékomendasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.